



Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**WOUT SWA ALAVANS: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ RENOVASYON  
PAVE EXPRESSWAY LONG ISLAND 80.1 MILYON DOLA A FINI ANVAN DAT KI TE  
PREVWA A**

*Pwojè akselere a fini nan egzakteman si mwa, yon mwa anvan dat pwograme a*

*Gwo Pwojè Pave Southern State Parkway la fini tou semèn sa*

*Yo te refè sifas plis pase 708 Kilomèt vwa nan wout eta a ane sa, ki bay yon total  
121.6 milyon dola*

*Pwojè a konplete Pwogram "Pave Our Potholes (Pave Twou nou yo)" ki koute 1  
milya dola Gouvènè Hochul*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke pwojè pou refè sifas 80.1 milyon dola sou Expressway Long Island soti nan fwontyè Nassau-Suffolk rive nan State Route 112 nan Konte Suffolk la fini kounye a. Nan mwa avril Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la te kòmanse travay sou pwojè enpòtan sa, ki te fini maten an, jedi 20 oktòb la - si mwa apre travay inisyal la te kòmanse epi yon mwa anvan dat pwograme a. Gouvènè a te anonse tou ke gwo pwojè renovasyon pave sou Southern State Parkway nan Konte Nassau ak Suffolk la te fini semèn sa. Ane sa, yo te refè sifas plis pase 708 Kilomèt vwa nan wout eta yo ak nouvo asfalt nan Long Island - ki bay yon total 121.6 milyon dola

"Wout ki pi swa yo devan nou ak finisyon alavans pwojè repavman ki pote transfòmasyon sa pou Moun Long Island yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap mete investisman nan enfrastrikti istorik yo travay pou repare wout nou yo, pave twou yo, epi livre enfrastrikti dekalite, ki fyab ke Nouyòkè yo merite."

Nan Diskou inogiral li a sou Sitiyasyon Eta a ane sa, Gouvènè Hochul te fè investisman nan enfrastrikti New York ak konba kont flewo twou atravè eta a youn nan premye priyorite yo, ki te alwe 1 milyon dola sou senk an. Anba yon nouvo pwogram ki rele Pave Our Potholes (Pave Twou nou yo), yo te alwe 500 milyon dola pou wout lokal yo ak 500 milyon dola pou otowout eta yo. Pwogram nan, ki te lanse ofisyèlman ak adopsyon Bidjè Eta a nan avril, te deja alwe 111 milyon dola pou pave plis pase 1,276 kilomèt vwa nan wout eta ak lokal yo nan ane fiskal sa, ak plis demann pou

ranbousman ki rete pou vini pou travay ke lokalite atravè New York yo konplete. Sa se pou ajoute sou lòt pwogram Eta, tankou CHIPS, PAVE NY, State Touring Routes, ak lòt pwojè kapital ki pwograme atravè eta a.

Yo te refè sifas oswa prevwa refè sifas plis pase 5,955 kilomèt vwa nan wout nan tout eta a soti out 2021 rive nan fen 2022 a.

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Nan ane li sèvi alafwa antanke Gouvènè Adjwen ak Gouvènè a, Kathy Hochul te pote plizyè milye kilomèt otowout atravè eta a, epi li konnen kote chak twou kache. Li konnen valè envestisman tou nan enfrastrikti ki enpòtan New York. Eta nou an ak fòs kontraktiyèl yo te travay di ane sa pou bouche kantite twou ki posib atravè plizyè pwojè pou refè sifas, ki enkli gwo pwojè sou Expressway Long Island lan ki te fini pi bonè epi dapre bidjè a. Byenke nou gen anpil bagay pou nou fyè de yo, nou toujou gen anpil travay pou n fè. Avèk sipò inbranlab Gouvènè Hochul, n ap la ak fòs — pou kenbe wout nou yo, fini pwojè kapital nou yo, epi mete enfrastrikti nou yo pare pou mwa sezon ivè difisil New York yo."

### **Expressway Long Island**

Ekip k ap pave yo te kòmanse nan direksyon lès Expressway Long Island lan nan dat madi 19 avril nan liy ki toupre Exit 48 nan Konte Nassau ak Suffolk epi yo te kontinye grate ansyen pave a epi mete nouvo asfalt sou tout twa vwa depasman prensipal Expressway Long Island lan, vwa ki pou Veyikil ki Okipe Espas (High-Occupancy Vehicle, HOV), akotman, ak 62 ranp pou antre/soti. Travay la te kòmanse nan vwa lwès ki soti nan State Route 112 nan Exit 64 ki ale vè fwontyè Konte Nassau, ki fèk fini nan dat 20 oktòb la, ki konplete plis pase 460 kilomèt vwa antou. Nouvo sifas asfalte ki pi swa a, ke yo prevwa k ap dire omwen di zan, genyen ladan l tou nouvo chose ki reflechi ki make ak bann ralantisè sou akotman yo.

### **Southern State Parkway**

Gouvènè Hochul te anonse tou ke vandredi 21 oktòb la ap make achèvmman twazyèm pwojè pou refè sifas Southern State Parkway nan de ane ki pase yo, ki bay yon total plis pase 195 kilomèt vwa. De dènye seksyon nan Southern State Parkway yo te konplete ane sa—Grand Avenue/Baldwin Road (Exit 20) rive State Route 110 (Exit 32) nan Konte Nassau ak State Route 231 (Exit 39) ak Sagtikos State Parkway (Exit 41A) nan Konte Suffolk — k ap bay chofè Rivaj Sid yo yon wout ki pi swa pou trajè kotidyen ak depasman lwazi yo atravè Long Island.

### **Lòt gwo pwojè atravè Long Island**

[Nan out](#), Gouvènè Hochul te anonse ke sis nan dis kote yo te prevwa pou refè sifas nan sezon prentan an te repare, anpil tan anvan dat yo te pwograme a. Depi lè sa, de lòt pwojè te fini, ki se yon pwojè pou refè sifas State Route 111 ant Expressway Long Island lan ak Suffolk Avenue nan Vil Islip, ansanm ak travay reparasyon akotman nan

Meadowbrook State Parkway between Merrick Road ak Ocean Parkway nan Vil Hempstead.

De pavman pwojè ki bay yon total 26.4 milyon dola, [ki te kòmanse nan sezon prentan sa](#), k ap kontinye epi ki pwograme pou fini an 2023. Premye yo genyen ladan yo reparasyon beton konplè sou ranp antre ak soti 55 Southern State Parkway nan Konte Nassau ak Suffolk alafwa alòske dezyèm nan se pou refè pave ak amelyorasyon sekirite ranp twotwa yo sou State Route 109 ant fwontyè Nassau/Suffolk ak State Route 27A nan Vil Babylon.

Anplis, yon pwojè restorasyon ak reparasyon beton 7.3 milyon dola ankou ant State Route 112 ak Yaphank Avenue/Route 21 Konte Suffolk (Exit 64 rive 67) nan Vil Brookhaven. Pave a ki te pwograme pou fini nan sezon prentan 2024, y ap repare beton sifas pou kondwi a ak melaj dyaman pou retire enpèfeksyon yo epi ranplase seksyon beton ki deteryore yo kote sa nesesè.

Epi nan kòmansman ane sa, Gouvènè Hochul te anonse pwojè k ap pote transfòmasyon sou Expressway Long Island nan dènye memwa ak [rekonstriksyon Exit 53 pou ajoute ranp aksè nan Crooked Hill Road](#) (Route 13 Konte Suffolk), k ap amelyore mobilite otomobilis yo pandan l ap ranfòse ekonomi lokal la.

**Manm Asanble Taylor Darling te deklare,** "Sa koute anpil pou kondui sou twou ak wout ki domaje, gen eksperyans ki deranjan tout kote men espesyalman nan Long Island, kote anpil nan nou depann de veyikil nou yo pou ale pouvwa pou fanmi nou epi pran swen yo. Pou anpil nan elektè mwen yo, repare kawotchou ak machin akoz yo frape nan yon twou ka vle di yo p ap gen ase lajan pou peye ipotèk, lwaye yo oswa menm manje pou fanmi yo. Mwen te pataje enkyetid mas sa ak Gouvènè Hochul plizyè mwa de sa — nan blag pandan mwen te nan yon Firestone ap achte yon nouvo kawotchou paske mwen te frape nan yon twou — epi li te deja gen plan an mouvman pou depanse 1 milya dola nan yon inisyativ istorik pou ranplase epi repare wout. Aktyèlman, plis pase 644 kilomèt vwa nan LIE ak Sid Eta a te ranplase epi repare, epi LONG ISLAND TÈLMAN REKONESAN. Elektè mwen yo fè kòmantè sou gwo amelyorasyon nan eksperyans pou kondui yo ak lajan ki nan pòch yo akoz yo pa bonbade ak depans enprevi ki lye ak lè yo frape nan twou yo. Mèsi ak gason ak fanm enkwayab nan Depatman Transpò a ki travay tèlman di chak jou pou asire ke nou gen wout ki san danje epi ki fyab. Mèsi, Gouvènè Hochul, pou angajman ak ijans ou pou rezoud pwoblèm twou an mas nou an".

**Manm Asanble Steve Stern, te deklare,** "Achèvman Pwojè Reparasyon Pave Expressway Long Island lan se nouvèl ki byen akeyi pou nou tout. Envestisman nan enfrastrikti ak reparasyon wout enpòtan anpil alafwa pou ekonomi lokal nou an, sekirite otomobilis nou yo ak kalite lavi nou. Jan rezidan Long Island yo konnen twò byen, twou yo se yon pati danjere epi ki koute chè nan vwayaj nou chak jou. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou achèvman pwojè enpòtan sa, alè epi dapre bidjè a, k ap ede anpeche domaj nan machin nou yo anpil epi soulaje estrès depasman nou yo sou Long Island."

Nou ankouraje otomobilis yo pou yo planifye kòmsadwa epi kondui yon fason responsab nan zòn travay yo. Kontravansyon yo double lè gen eksè vitès nan yon zòn travay. Kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon eksè vitès nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans chofè yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Swiv NYSDOT sou Twitter nan [@NYS DOT](https://twitter.com/NYS DOT) ak [@NYS DOT LI](https://twitter.com/NYS DOT LI). Jwenn nou sou Facebook nan [Facebook.com/NYS DOT](https://www.facebook.com/NYS DOT).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418